


Prezidan Thomas S. Monson



# Pwofèt pou Gide Nou

**S**a gen kèk ane, m te chita nan sal kote Premye Prezidans lan ak Kolèj Douz Apot yo reyini yon fwa pa semèn nan Tanp Salt Lake City a. Mwen tap kontanple mi ki anfas Premye Prezidans lan e m te wè foto tout Prezidan Legliz yo sou li.

Pandan m tap gade yo, pwofèt ki te la anvan yo—soti nan Pwofèt Joseph Smith (1805–1844) rive nan Prezidan Gordon B. Hinckley (1910–2008) m te di “Ala rekonesan m rekonesan pou konsèy yo chak.”

Yo se gwo mesye ki pa janm ezite, ki pa janm febli e ki pa janm echwe. Yo se moun Bondye. Lè m panse a profèt tan modèn yo ke mwen konnen ak renmen yo, mwen sonje lavi yo, kalite yo, ak ansèyman enspire yo.

Prezidan Heber J. Grant (1856–1945) sete Prezidan Legliz la lè m te fèt. Lè m ap kontanple lavi l ak ansèyman l yo, mwen kwè yon trè Prezidan Grant te toujou demonstre se te pèsistans—pèsistans nan bagay ki bon ak nòb.

Prezidan George Albert Smith (1870–1951) te Prezidan Legliz la nan epòk lè m tap sèvi kòm evèk pawas mwen an nan Salt Lake City. Li te konstate ke gen yon gwo tire-kòd ant Senyè a ak advèsè a. Li te anseye: “Si w rete sou bò Senyè a nan kòd la, w ap anba enfliyans li e ou pap anv fè anyen ki pa bon.”<sup>1</sup>

Prezidan David O. McKay (1873–1970) te aple m pou m te sèvi kòm manm Kolèj Douz Apot yo an 1963. Li te anseye konsiderasyon pou lòt moun pa fason li te viv lavi l. Li te di: “Vrè Krisyanis la se lanmou an aksyon.”<sup>2</sup>

Prezidan Joseph Fielding Smith (1876–1972), youn nan ekriyen ki pi pwolifik nan Legliz la, te konsidere koneksans pwofon levanjil la kòm yon prensip gid nan lavi l. Li te toujou ap li ekriti yo e li te pi konnen ansèyman ak doktrin ki nan paj ekriti yo pase okenn moun mwen janm konnen.

Prezidan Harold B. Lee (1899–1973) te sèvi kòm prezidan pye m lè m te piti. Yon sitasyon li te renmen anpil se te “Kanpe kote ki sen yo, epi pa deplase.”<sup>3</sup> Li te ankourajè Sen yo pou yo rete an amoni avèk Sentespri a epi pou yo reponn a enspirasyon L yo.

Mwen kwè yon prensip gid nan lavi Prezidan Spencer W. Kimball (1895–1985) se ta konsekrasyon. Li te konsakre konplètman epi nan yon fason byen klè pou Senyè a. Li te konsakre tou pou l viv levanjil la.

Lè Prezidan Ezra Taft Benson (1899–1994) te vin Prezidan Legliz la, li te ban m apèl pou m te sèvi kòm Dezyèm Konseye l nan Premye Prezidans lan. Prensip gid li se te lanmou, sa ki te enkòpore nan sitasyon favori l la, ki te soti nan bouch Sovè a: “Ki kalite moun nou dwe ye? Anverite, m di nou, menm jan avèk mwen.”<sup>4</sup>

President Howard W. Hunter (1907–1995) se te yon moun ki te toujou ap chèche sa ki pi bon nan lòt moun. Li te toujou koutwa; li te toujou enb. Se te yon privilèj pou mwen pou m te sèvi kòm Dezyèm Konseye l.

Prezidan Gordon B. Hinckley te anseye nou pou nou fè tout sa nou kapab. Li te rann yon temwayaj puisan

konsènan Sovè a ak misyon Li. Li te anseye nou avèk lanmou. Se te yon onè ak yon benediksyon pou mwen pou m te sèvi kòm Premye Konseye l.

Sovè a voye pwofèt yo paske Li renmen nou. Pandan konferans jeneral Oktòb sa a, Otorite Jeneral yo nan Legliz la ap gen privilèj pou yo pataje pawòl Li. Nou apwoche responsablite sa a avèk solanite ak imilite.

Ala beni nou beni paske Legliz retabli Jezikri a sou tè a epi tou paske Legliz la fonde sou wòk revelasyon. Revelasyon kontini se esans levanjil Jezikri a.

Se pou nou prepare nou pou nou resevwa revelasyon pèsone ki vini an abondans pandan konferans jeneral yo. Se pou kè nou ranpli avèk detèminasyon pwofon lè nou leve men nou pou nou soutni pwofèt vivan yo ak apot yo. Se pou nou eklere, edifye, rekonfòte, ak fòtifye lè nou koute mesaj yo. Epi se pou nou prepare nou pou nou reangaje nou devan Senyè Jezikri—Levanjil Li a ak travay Li a – epi pou nou viv avèk yon nouvo rezolisyon pou nou respekte kòmandman yo ak fè volonte L.

#### NÒT

1. *Enseignements des présidents de l'église: George F. Smith* (2011), 191.
2. *Enseignements des Présidents de l'Église: David O. McKay* (2003), 181.
3. Doktrin ak Alyans 87:8
4. 3 Nefi 27:21.

#### ANSÈYMAN KI SOTI NAN MESAJ SA A.

Prezidan Monson pataje leson pisan li te aprann nan men profèt ki te la anvan l yo. Li raple nou tou ke “Sovè a voye pwofèt yo paske Li renmen nou.” Lè w ap sèvi moun ou ap anseye yo, ou ta kapab diskite kijan pwofèt yo ak apot yo se siy lanmou Bondye pou nou. Anvizaje pataje konsèy ki soti nan youn nan diskou

Prezidan Monson te fè nan konferans jeneral ki pase yo. Envite moun w ap anseye yo pou yo prepare yo pou konferans jeneral pandan y ap revize diskou ki te pi enspire yo e ki te ede yo santi lanmou Sovè a.

## JÈN YO

### Seigneur, merci pour le prophète

**K**ijan pwofèt nou an, President Thomas S. Monson, enfliyanse w? Kisa w ap pi sonje konsènan limenm? Anvizaje ekri nan jounal ou konsènan Prezidan Monson ak lavi l—jan l dekri enfliyan chak pwofèt sonje yo nan mesaj sa a.

Ou ta gen dwa vle chwazi yon bagay li te di ke w renmen epi ekri l kote w ap wè l souvan, tankou nan yon klasè oswa kòm yon nòt nan chanm ou. Ou ta kapab menm fè l tounen yon foto epi itilize l kòm fon sou telefòn ou! Chak fwa ou wè sitasyon an, ou ta kapab reflechi sou enpòtans yon pwofèt vivan epi sonje ke li la pou renmen nou ak gide nou jodi a.

**Ou gen dwa telechaje mizik “Seigneur, merci pour le prophète” la nan [lds.org/go/9176](https://www.lds.org/go/9176).**

## TIMOUN

### Pwofèt yo gide nou pou mennen nou al jwenn Kris la

**S**ovè a ba nou pwofèt paske Li renmen nou. Suiv pwofèt yo ede nou chwazi sa ki bon. Èske ou ka site de bagay ou kapab fè pou suiv pwofèt la?



Lafwa, Fanmi, Sekou

## Yon sèl kè

*Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi chèche enspirasyon pou ou ka konnen kisa pou ou pataje. Lè pitit fi Bondye yo konprann bi Sosyete Sekou, kijan sa ap prepare yo pou benediksyon lavi etènèl yo?*

Epi Senyè a te rele pèp li a Siyon, paske yo te gen yon sèl kè ak yon sèl panse, epi yo te viv nan lajistis; epi pa t gen pòv pami yo. (Moyiz 7:18). Kijan nou ka vin fè youn?

Èldè M. Russel Ballard ki nan Kolèj Douz Apot yo te di: “Nan mitan mo anglè *ki vle di ekspyasyon an* gen yon mo ki vle di *youn*. Si tout limanite te konprann sa, pa tap janm gen okenn moun ki pa tap konsène nou, kèlkeswa laj, ras, sèks, relijyon, oswa sitiyasyon sosyal ou ekonomik li. Nou tap bat pou nou imite Sovè a e nou pa tap janm pa janti, endiferan, derespektan, oswa ensansib vizavi lòt moun.”<sup>1</sup>

Prezidan Henry B. Eyring, Premye Konseye nan Premye Prezidans lan, te anseye: “Kote moun gen Lespri avèk yo, yo kapab atann yo a amoni. . . . Lespri Bondye pa janm koze kontansyon (gade nan 3 Nephi 11:29). . . . Li mennen moun nan

lapè pèsònèl ak yon santiman inyon avèk lòt moun.”<sup>2</sup>

Pandan li tap pale de pwoblèm familyal, Carole M. Stephens, ki te sèvi kòm Premye Konseye nan Prezidans Jeneral Sosyete Sekou a, te di: “M pa t janm te travèse divòs, lapenn, ak ensekirite ki soti nan abandon, oswa responsablite ki asosye avèk reyaltite yon manman selibatè. M pa konn anyen sou lanmò yon timoun, sou enposiblite pou fè pitit, oubyen atirans pou moun menm sèks. M pa t janm te soufri anba abi oswa maladi kwonik oswa adiksyon. Mwen pa t jwenn posiblite depasman sa yo.

“. . . Men gras a tès ak eprèv pèsònèl *mwen* yo . . . mwen vin byen konnen Moun ki vrèman konprann nan. . . . Epitou, mwen pase anba tout eprèv mòtalite sa yo m sot mansyone la yo antanke pitit fi, manman, grann, sè, matant, ak zanmi.

“Opòtinite nou genyen kòm pitit fi Bondye ki respekte alyans se pa sèlman pou pwòp pwoblèm pa yo sèvi nou leson; men se pou nou ini nou nan senpati ak konpasyon pandan n ap sipòte lòt manm nan fanmi Bondye yo nan pwoblèm pa yo tou.”<sup>3</sup>

### **Ekriti adisyonèl ak enfòmasyon**

Jan 17:20–23; Efezyen 4:15; Mozya 18:21–22; 4 Nefi 1:15  
*reliefsociety.lds.org*

#### **NÒT**

1. M. Russell Ballard, “The Atonement and the Value of One Soul,” *Liahona* Me 2004, 86
2. Henry B. Eyring, “That We May Be One,” *Ensign*, May 1998, 67.
3. Carole M. Stephens, “The Family Is of God,” *Liahona*, May 2015, 11–12.

### **Konsidere sa a**

Kijan inite youn avèk lòt ede nou fè youn avèk Bondye?